



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI RANFÒSE REZO SIPÒ POU NOUYOKÈ LGBTQ KI PI AJE YO

*Lejislasyon (S.78-A/A.7855) klarifye ekspresyon "Pi Gwo Bezwén Sosyal" Lwa federal sou Ameriken ki Pi Aje yo pou ranfòse pwogram sèvis yo nan Eta a pou adilt LGBTQ ki pi aje yo ki manke sous sipò ak swen tradisyonèl*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.78-A/A.7855) ki amande pwogram Biwo Eta New York pou Moun Aje a administre pou sipòte Nouyòkè ki pi aje yo. Lwa sa eksplike ke Lwa 1965 sou Ameriken ki Pi Aje yo, ki oryante finansman ak sèvis ki base sou "pi gwo bezwen sosyal", enkli konsiderasyon obstak yo oswa izòlman akòz estati rasyal ak etnik, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspression seksyèl oswa estati VIH. Faktè sa yo se faktè ki pa ekonomik ki ka afekte kapasite yon adilt ki pi aje pou reyalize aktivite nòmal chak jou epi pwojè lwa sa a pral asire faktè sa yo itilize pou oryante sèvis yo pou sipòte chak kapasite endividye pou yo viv poukout yo.

"Kòm Gouvènè, youn nan priyorite prensipal mwen se asire tout Nouyòkè yo resevwa swen ak èd yo bezwen kèleswa idantite yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Gen yon gwo inegalite nan swen fizik ak mantal pou adilt ki pi aje yo nan kominate LGBTQ a, epi lejislasyon sa a se yon etap enpòtan nan adrese inegalite sa yo pandan l ap asire Nouyòkè LGBTQ ki pi aje yo resevwa menm respè ak sipò tankou nenpòt lòt moun nan Eta a".

Aktyèlman, Lwa Federal la egzije ke plan yo nan eta a administre pwogram Lwa sou Ameriken ki Pi Aje (Older Americans Act, OAA) yo epi sèvis yo sible popilasyon nan zòn riral yo, avèk plizyè andikap, avèk konpetans limite nan Lang Angle, avèm Alzheimer ak pwoblèm ki gen rapò, sila yo ki gen risk pou mete yo nan yon enstitisyon, sila yo ki gen gwo bezwen ekonomik ak sila yo ki gen gwo bezwen sosyal.

Dapre SAGE, (Sèvis ak Defans pou Omoseksyèl, Lesbyèn, Biseksyèl ak Trans-seksyèl ki Pi Aje yo), adilt LGBTQ ki pi aje yo manke sous sipò ak swen tradisyonèl, gen tandans gen sante fizik ak mantal ki pi ba ak pi gwo to povrete pase omològ ki pa LGBTQ yo, ak fè fas ak izòlman kiltirèl ak sosyal akòz eksperyans diskriminasyon reyèl ak pèsi depi plizyè deseni.

OAA federal 1965 an pa enkli byen klè adilt LGBTQ ki pi aje yo nan oryantasyon li. Atravè oryantasyon lwa a, eta yo ka enkli adilt LGBTQ ki pi aje yo nan plan eta yo pou administre pwogram ak sèvis OAA yo, epi lejislasyon sa a pral kodifye enklizyon yo, epitou li pral enkli adilt ki pi aje yo k ap viv avèk VIH kòm popilasyon ki gen "pi gwo bezwen sosyal" nan Lwa Eta New York sou Adilt ki Pi Aje yo. New York pral rejwenn lòt eta ki deja rekonèt bezwen sosyal inik popilasyon sa a tankou California ak Illinois, epi li pral asire Eta New York ap bay adilt LGBTQ pi aje yo sèvis ak sipò yo bezwen pandan y ap vyeyi.

**Senatè Eta Brad Hoylman te deklare**, "Lwa federal sou Ameriken ki Pi Aje yo se youn nan veyikil ki pi enpòtan pou bay gramoun aje nou yo ki gen "pi gwo bezwen sosyal" resous ki nesesè pou mennen yon lavi ki gen diyite, epi nou dwe asire New York administre Lwa a yon fason ki konplè. Pwojè lwa nou an (S.78A) avèk Manm Asamble Bronson asire faktè ki pa ekonomik — tankou andikap fizik oswa mantal, baryè langaj, ak izòlman kiltirèl oswa sosyal ke estati rasyal ak etnik, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa ekskreman VIH te lakòz — Eta a konsidere yo. Mèsi a Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins paske li te vote pwojè lwa sa a ak Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa nou an jodi a".

**Harry B. Bronson, ki se Manm Asamble, te deklare**, "Mwen vle remèsyé kòlèg mwen an, Senatè Hoylman ak Gouvènè Hochul paske yo asire ke lejislasyon enpòtan sa a tounen lwa. Lwa sou Ameriken ki Pi Aje yo afekte tout moun—adilt ki pi aje yo, moun ki ede sipòte yo, ak nou tout ki espere yon jou vin gramoun. Li sipòte tou yon pwomès pou prezèvè dwa pou nou viv poukout nou, avèk diyite, pou nou pran desizyon chak jou dapre preferans endividyèl nou yo ak objektif nou pandan tout lavi nou. Pwomès sa a pi enpòtan ke jamè, epi lejislasyon sa a pral ede akonpli pwomès sa a pou bokou plis Nouyòkè".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418